


Ou pè tounen nan peyi w paske vi w, sekirite w oswa libète w an danje?

Ou gen dwa pou w mande pwoteksyon kòm refifye nan peyi Meksik.



Pwosedi pou w fè demann azil la nan peyi Meksik konfidansyèl epi li gratis.

Ou gen 30 jou ouvrab apati de lè ou rive Meksik la pou w fè demann azil la.



Mande pwoteksyon!

Ale nan "Comisión Mexicana de Ayuda a Refugiados" (COMAR) oswa nan nan biwo regularizasyon migratwa "Instituto Nacional de Migración" (INM) pou w ka komanse demann azil ou a nan peyi Meksik.




Fòmilè

W ap ranpli yon kesyonè kote w ap eksplike pou ki rezon ou te kite peyi w epi ki rezon ki fè ou pa ka retounen. Enkli tout moun ki vwayaje avèk ou yo ! Ou gen dwa pou w genyen yon avoka publik pandan tout pwosedi a.



Resi

COMAR ap ba ou yon papye pwosedi a ki montre ke ou gentan komanse dosye a e donk yo pa voye w tounen nan peyi w. Papye sa a ap sèlman valid nan eta oswa depatman kote ou te konse pwosedi a. Si w kite eta oswa depatman an y ap konsidere dosye w la kòm yon dosye ki abandone.



CURP Tamporè

Y ap ba ou yon kòd k ap pèmèt ou gen aksè a sèvis publik epi regle lòt dosye.



Ale siyen

Ou dwe ale nan biwo COMAR oswa nan biwo imigrasyon pou w al siyen nan jou yo di w yo. Si w pa ale siyen y ap konsidere dosye w la kòm yon dosye ki abandone.



Kat vizitè pou rezon imanité

Antanke yon moun ki fè demann azil ou gen dwa pou w genyen yon kat vizitè pou rezon imanité, sa nou rele ti kat 1 nan an. Kat sa a pèmèt ou genyen yon sejou regilye nan peyi a epi li ba w otorizasyon pou w travay. Li gratis e li valid pou 1 an



Entèvyou

COMAR ap fè o mwen de entèvyou avè w, yonn pou l ka konnen w e pou l ka pèmèt ou gen aksè a sèvis epi regle dosye. Lòt entèvyou a se pou l ka konnen ki rezon ki te fè ou kouri kite peyi w.



Rezolisyon

COMAR ap fè etid ka ou a epi aprè l ap enfòme w pou l di w si w kalifye.

Sa ka pran ant 45 a 55 jou ouvrab pou ke COMAR ka fè w konnen si w kalifye.

Sa ka pran plis tan tou.



Rezolisyon pozitif

Lè rezolisyon an pozitif ou vin yon refifye oswa yon moun ki genyen pwoteksyon konplemantè.



Rezolisyon negatif

Lè rezolisyon an negatif, si w pa dakò a desizyon COMAR la ou ka mande pou yo revize ka w la yon lòt fwa. Men si w pa ta vle yon lòt opòtinite, ou ka deside retounen nan peyi w.



GOBIERNO DE
MÉXICO

GOBERNACIÓN
SECRETARÍA DE GOBERNACIÓN

COMAR
COMISIÓN MEXICANA
DE AYUDA A REFUGIADOS



IFDP
Instituto Federal de
Defensoría Pública

UNHCR
ACNUR
La Agencia de las Naciones
para los Refugiados

La Comisión Mexicana de Ayuda a Refugiados (COMAR): 55 5209 8800 ext. 30147 y 30208

La Comisión Nacional de los Derechos Humanos (CNDH): 800 715 2000

El Instituto Federal de Defensoría Pública (IFDP) for free legal assistance: 800 224 2426

La Agencia de las Naciones para los Refugiados, (UNHCR) : 800 226 8769



ConfiaEnElJaguar